

LKPD BAHASA DAERAH KELAS 3.2

BAB GEGURITAN

Kelompok :

Nama Anggota :

.....

.....

.....

Gatekna geguritan ing ngisor iki!

BUMIKU

Dening: Ibu Sunami

Bumi iki aku sing nduweni
Sapa Bapa Adam lan Ibu Hawa
Ora tatu ora nyewa
Dak sedhot hawane dak sesep sari banyune
Rumasuk ing balung nembus sungsum
Mili saranduning badan tumekan jantung
Bumi iki aku sing nduweni
Warisan saka bapa biyung
Wujud kali lan gunung
Dak pundhi dak sengkuyung ing dhadha lan mustaka
Dadia jimat sangune agesang
Run tumurun anak putu
Kowe sapa lan saka ngendi pinangkamu
Kok wani gawe dredah ngaru biru
Sak dumuk bathuk, sak nyari bumi
Dak labuhi, nganti kowe ngerti
Yen bumi warisan iki kowe ora nduweni
Kowe sapa lan arep apa
Kok wani ngesatake kali, nggundhuli alas jati
Mung arep njupuk sari tanpa ngopeni
Bumi iki aku sing nduweni
Run temurun anak putu
Lan mung aku lan anak putu sing kudu njaga lan ngopeni

(Panjebar Semangat No. 25-22 Juni 2013, kaca: 40)

Tugas 1 : Nanggepi Teks Geguritan

1. Coba wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!
 - a. Apa irah-irahane geguritan ing dhuwur?
.....
 - b. Sapa sing nganggit geguritan ing dhuwur?
.....

c. Apa temane guritan mau?

.....

d. Gambarna apa sing kokweruhi ing geguritan mau!

.....

2. Sawise kokwangsuli, critakna maneh isine geguritan ing dhuwur nganggo basamu dhewe !

.....

.....

.....

3. Terangna pesan moral / amanah kang tinemu ing geguritan mau!

.....

.....

.....

Tugas 2 : Maca Teks Geguritan

Wacanen nganggo lafal, intonasi, andhegan, lan eskpresi kang becik tur bener! Semaken pamacane kancamu kanthi mbiji kaya ing ngisor iki!

Kel	Jeneng	Nilai				Jumlah
		Lafal	Intonasi	Andhegan	Ekspresi	

Bausastra

Golekana tembung-tembung sing durung kokweruhi tegese banjur titingana manut jinis basa rinenggane (tembung entar, saroja, garba)!

No	Tembung	Tegese Tembung	Jinise Basa Rinengga